



## Public Service Announcement Transcripts

Haitian-Creole translation of "Public Service Announcement Transcripts" (<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/psa.asp>)

### PSA—Preparasyon pou siklòn: Medikaman ki preskri (:15)

Announcer: Pandan wap evakwe, sonje pou w pran medikaman doktè preskri w yo. Anpil, biznis tankou famasi, kapab fèmen pandan oubyen aprè yon siklòn. Si w pa kapab evakwe epi ou pa ka kondwi, mande yon zanmi oubyen yon fanmi pou ba w woulib pou w al pran atik wap bezwen nan kadijans, sa vle di men yon kantite medikaman ki pou dire yon semèn. Pou aprann plis enfòmasyon, rele CDC nan 800-CDC-INFO.

### PSA—Zòn ki dwe evakwe lè gen yon siklòn – long version (:30)

Announcer: Si yo bay avètisman pou siklòn an zòn kote w'p viv la, oubyen si otorite yo di pou w evakwe, pran sèlman sa ki esansyèl. Si w gen tan, fèmen gaz, elektrisite, ak dlo. Dekonekte aparèy yo pou w ka diminye chans ki genyen pou moun pran nan kouran lè yo bay kouran an ankò. Fè tout mwayen posib pou w prepare pakè pou ijans nan machin. Ou kapab achte li si w pa genyen youn. Fè tout sak posib pou'w pran medikaman doktè preskri w yo. Swiv rout evakweyasyon yo – lòt yo ka bare – epi, atann anpil blokis. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte otorite ki an chaj ijans lokal.

### PSA—Zòn ki dwe evakwe lè gen yon siklòn – short version (:15)

Announcer: Si wap evakwe akoz yon siklòn kap vini, pran sèlman sa ki nesesè. Fè tout sak posib pou w prepare pakè pou ijans nan machin. Pran medikaman doktè preskri w yo. Fèmen gaz, elektrisite, ak dlo, epi dekonekte aparèy yo. Swiv rout evakyasyon yo. Pou aprann plis, kontakte otorite ki an chanj ijans lokal.

### PSA—Monoksid Kabòn - long version (:30)

Announcer: Pandan yo pran kouran, si w genyen dèlko avèk lòt aparèy kap mache, yo ka lakòz anpwazònman monoksid kabòn ki ka lakòz lanmò. Monoksid Kabòn se yon gas ki pa genyen ni sant, ni koulè, ni gou, li touye 500 Ameriken chak ane. Pa janm sèvi ak dèlko, griy, recho kan, oubyen lòt aparèy ki sèvi ak gazolin, chabon, oubyen propàn anndan yon kay, sousòl, garaj, oubyen remiz pou machin, oubyen tou prè yon fenèt ki ouvri. Si kay ou domaje, rete avèk zanmi oubyen fanmi oubyen nan kay kote yo ebèje moun. Pou aprann plis enfòmasyon, rele CDC nan 800-CDC-INFO.

### PSA—Monoksid Kabòn - short version (:15)

Announcer: Pa janm sèvi ak dèlko, griy, recho kan, oubyen lòt aparèy ki sèvi ak gazolin, chabon, oubyen propàn anndan yon kay, sousòl, garaj, oubyen remiz pou machin. Yo pwodwi monoksid kabòn, ki ka touye ou. Si kay ou domaje, rete avèk zanmi oubyen fanmi oubyen nan kay kote yo ebèje moun . Pou aprann plis enfòmasyon, rele CDC nan 800-CDC-INFO.

### PSA—Kouman pou w rete lakay ou san danje lè gen yon siklòn - (long version) (:30)

## **PSAs**

(kontinye soti nan paj avan sa a)

Announcer: Si anplwaye sekou yo rekomande pou w kite lakay ou paske yon siklòn ap vini, swiv esplikasyon yo bay sou sa ki dwe fèt nan kadijans nan zòn lokal la. Si w pa kapab evakwe pandan siklòn nan, genyen mezi ou ka pran pou pwoteje tèt out. Chache pwoteksyon nan yon sousòl oubyen nan yon chanm ki pa genyen fenèt. Koute radyo oubyen gade televizyon pou pran nouvèl sou tan an. Koute rapò sou tan an nan radyo NOAA si w gen youn ki disponib. Rete anndan kay la jiskaske otorite yo deklare siklòn nan fini. Pa ale deyò – menm si tan an kalme. Gwo van yo ka retounen san w pa atann. Ale nan yon kote yo ebèje moun oswa lakay yon vwazen si kay ou domaje oswa si anplwaye sekou yo di w pou w fè sa. Pou aprann plis enfòmasyon, rele CDC nan 800-CDC-INFO.

### **PSA—Kouman pou w rete lakay ou san danje lè gen yon siklòn - (short version) (:15)**

Announcer: Si w rete lakay ou pandan siklòn nan, gen plizyè mezi ou ka pran pou pwoteje tèt ou. Koute radyo oubyen gade televizyon pou pran nouvèl sou tan an. Rete anndan kay la jiskaske move tan an fini. Chache pwoteksyon nan yon sousòl oubyen nan yon chanm ki pa genyen fenèt. Rete lwen tout fenèt avèk pòt ki ouvri deyò. Ale nan yon kote yo ebèje moun oubyen lakay yon vwazen si si kay ou domaje oubyen si anplwaye sekou yodi w pou w fè sa. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte CDC nan 800-CDC-INFO.

### **PSA—Pwoteksyon kont elektrisite - (long version) (:30)**

Announcer: Pandan yon siklòn, kouran ki pa travay avèk inondasyon ka lakòz danje elektrik. Pa janm touche fil kouran ki tonbe atè oubyen ki domaje, oubyen okenn bagay ki an kontak ak fil kouran ki domaje a. Kontakte konpayi elektrik la anvan ou fè okenn travay tou prè yon fil elektrik ki pa travay. Si fil kouran an tonbe sou machin ou, rete nan machin nan eksepte si machin nan pran dife oubyen si orite yo di w pou w soti. Fèmen tout elektrisite avèk gaz natirèl nan kay la. Pa limen kouran an toutotan yon elektrisyen ki kalife pa enspekte aparèy yo. Pa touche okenn moun ki sanble li pran kouran toutotan ou pa tcheke si moun nan toujou an kontak ak sous elektrik la. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte CDC nan 800-CDC-INFO.

### **PSA—Pwoteksyon kont elektrisite - (short version) (:15)**

Announcer: Pandan yon siklòn, kouran ki pa travay avèk dlo inondasyon ka lakòz danje elektrik. Pa janm touch fil kouran ki tonbe atè oubyen ki domaje, oubyen okenn bagay ki an kontak ak fil kouran ki domaje a. Si fil kouran an tonbe sou machin ou, rete nan machin nan eksepte si machin nan pran dife oubyen si orite yo di w pou w soti. Pa touche okenn moun ki sanble li pran kouran toutotan ou pa tcheke si moun nan toujou an kontak ak sous elektrik la. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte CDC nan 800-CDC-INFO.

### **PSA—Evite pou lakay ou pa gen mwezi - (long version) (:30)**

Announcer: Lapli oubyen dlo inondasyon ki antre anndan kay ka kreye kondisyon ki lakòz kay la gen mwezi. Ou ka pran prekosyon pou kay la pa gen mwezi. Fè reparasyon pou anpeche dlo antre nan kay la. Netwaye epi seche bagay ki mouye yo nan 48 a 72 èdtan. Jete bagay ki kenbe dlo epi ki pa ka repare, sa vle di menm materyèl pou konstriksyon. Si w wè oubyen pran sant kote ki gen mwezi, netwaye li avèk yon solisyon ki genyen yon (1) gode klowòks likid pou chak galon dlo ladan. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte CDC nan 800-CDC-INFO.

### **PSA—Evite pou lakay ou pa gen mwezi - (short version) (:15)**

Announcer: Lè lapli oubyen dlo inondasyon antre lakay ou, pran prekosyon pou kay la pa gen mwezi. Netwaye epi seche bagay ki mouye yo nan 48 a 72 èdtan. Fè le antre nan kote ki mouye yo. Jete bagay ki

**PSAs**

(kontinye soti nan paj avan sa a)

kenbe dlo epi ki pa ka repare. Netwaye kote ki gen mwezi a avèk yon solisyon ki genyen yon (1) gode klowòks likid pou chak galon dlo ladan. Pou aprann plis enfòmasyon, kontakte CDC nan 800-CDC-INFO.

For more information, visit [www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes](http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes) or call CDC at 800-CDC-INFO (English and Spanish) or 888-232-6348 (TTY).

September 17, 2004

Page 3 of 3